

| Nimewo Idantifikasyon Kliyan | | | |
|--------------------------------|------------|-----------------------|------------|
| NON | DAT LI FÈT | NIMEWO IDANTIFIKASYON | |
| ADRÈS | VIL | ETA | KÒD POSTAL |
| NIMEWO TELEFÒN (ENKLI KÒD ZÒN) | | LÒT ENFÒMASYON | |



Konsantman Consent

Avi pou kliyan yo: Depatman Sèvis Sante ak Sosyal (DSHS) ka ede w pi byen si nou anmezi pou travay avèk lòt ajans ansanm avèk pwofesyonèl yo ki konnen oumenm ak fanmi w. Lè ou siyen fòm sa a, ou bay pèmasyon pou DSHS ak ajans ansanm avèk moun yo ki endike anba itilize ak pataje enfòmasyon konfidansyèl sou ou. DSHS pa kapab refize w benefis si ou pa siyen fòm sa a sof si konsantman w lan nesèsè pou detèmine elijiblite w. Si ou pa siyen fòm sa a, DSHS ka toujou pataje enfòmasyon w nan limit ki otorize pa lalwa. Si ou gen kesyon sou kijan DSHS pataje enfòmasyon konfidansyèl kliyan oswa dwa ou sou lavi prive, tanpri konsilte Avi sou Pratik Konfidansyalite DSHS oswa mande moun ki ba ou fòm sa a.

Konsantman

1. Mwen konsanti nan itilizasyon enfòmasyon konfidansyèl mwen nan DSHS pou planifye, bay, ak kowòdone sèvis yo, tretman, peman, ak benefis pou mwen oswa pou lòt rezon lalwa otorize. Anplis mwen bay pèmasyon pou DSHS ak ajans yo ki endike anba, founisè, oswa moun pou itilize enfòmasyon konfidansyèl mwen ak divilge l bay youn lòt pou rezon sa yo. Yo ka pataje enfòmasyon an aloral oswa nan tranfere done pa òdinatè, lapòs, oswa livrezon alamen.

Rezon pou divilgasyon: Enfòmasyon sa a obligatwa anvan DSHS kapab pataje dosye sou dwòg ak alkòl oswa sante mantal. Si ou pa ranpli chan sa a, DSHS pral note rezon pou divilgasyon an kòm demann ou a.

Tanpri verifie tout sa ki enkli anba nan konsantman sa a anplis de DSHS ak idantifye yo pa non ak adrès:

- Founisè swen sante: _____
- Founisè swen sante mantal: _____
- Founisè Sèvis pou twoub ki gen rapò avèk abi sibstans: _____
- Lòt founisè ki gen kontra avèk DSHS: _____
- Pwogram lojman: _____
- Kolèj oswa distri lekòl: _____
- Depatman Koreksyon: _____
- Depatman Sekirite Travay ak patnè travay li yo: _____
- Administrasyon Sekirite Sosyal oswa lòt ajans federal: _____
- Gade lis ki atache a
- Lòt bagay:

2. Rezon pou divilgasyon: Kontinite swen Legal Pèsonèl Lòt:

3. Mwen otorize ak konsanti pou pataje dosye ak enfòmasyon ki annaprè yo (tcheke tout sa ki aplike):

- Tout dosye kliyan mwen Dosye sou lis ki atache a
- Dosye ki annaprè a sèlman
 - Fanmi, istwa sosyal ak istwa travay
 - Tretman oswa plan swen
 - Dosye peman
 - Evalyasyon endividyèl
 - Lekòl, edikasyon, ak fòmasyon
 - Enfòmasyon sou swen sante mantal (presize):
 - Enfòmasyon sou swen sante mantal (presize):
 - Lòt bagay (endike):

| Nimewo Idantifikasyon Kliyan | | |
|---|---|-----------------------|
| NON | DAT LI FÈT | NIMEWO IDANTIFIKASYON |
| <p>Tanpri sonje: Si dosye kliyan w gen ladan nenpòt nan enfòmasyon ki annaprè yo, ou dwe ranpli tou seksyon sa a pou ajoute dosye sa yo.</p> <p>Mwen bay pèmasyon m pou divilge dosye ki annaprè yo (tcheke tout sa ki aplike):</p> <p><input type="checkbox"/> Sante mantal <input type="checkbox"/> Sante mantal SIDA/VIH ak rezilta tèst STD, dyagnostik, oswa tretman <input type="checkbox"/> Twoub abi sibstans</p> <ul style="list-style-type: none"> • Konsantman sa a valab pou yon lane oswa <input type="checkbox"/> jiska _____ (dat oswa aktivite). • Mwen ka revoke oswa retire konsantman sa a nenpòt kilè alekri, men sa pa pral afekte nenpòt enfòmasyon ki pataje deja. • Mwen konprann enfòmasyon ki pataje dapre konsantman sa a ka pa pwoteje ankò anba lwa yo ki aplike nan DSHS. • Yon kopi nan fòm sa a valab pou m bay pèmasyon pou yo pataje dosye yo. | | |
| SIYATI | | DAT |
| TEMWEN/ SIYATI NOTARYE, SI APLIKAB | TEMWEN / EKRI NON NOTARYE ANLÈT DETACHE | DAT |
| PARAN OSWA LÒT SIYATI REPREZANTAN (SI APLIKAB) | NIMEWO TELEFÒN (ENKLI KÒD ZÒN) | DAT |
| <p>Si mwen pa moun ki enskri nan dosye yo, mwen otorize pou siyen paske mwen se: (ajoute prèv otorite)</p> <p><input type="checkbox"/> Paran <input type="checkbox"/> Gadyen Legal (ajoute òdonans tribinal) <input type="checkbox"/> Repezantan pèsoneèl <input type="checkbox"/> Lòt bagay:</p> | | |

Avi pou benefisyè enfòmasyon: Si dosye sa yo gen ladan enfòmasyon sou HIV, STD yo, oswa SIDA ou ka pa kapab divilge enfòmasyon sa a san pèmasyon spesifik kliyan an. Si w te resevwa enfòmasyon ki gen rapò avèk dwòg oswa abi alkòl sou kliyan an, ou dwe ajoute deklarasyon ki annaprè a lè wap divilge enfòmasyon siplemantè jan sa nesèsè dapre 42 CFR 2.32:

Yo te divilge enfòmasyon sa a ba ou apati dokiman pwoteje nan règleman sou konfidansyalite Federal (42 CFR pati 2). Règleman Federal yo entèdi w pou fè plis divilgasyon nan enfòmasyon sa a sof si plis divilgasyon otorize ekspresman pa konsantman alekri moun an kesyon an oswa jan li otreman otorize pa 42 CFR pati 2. Yon otorizasyon jeneral pou divilgasyon enfòmasyon medikal oswa lòt enfòmasyon PA ase pou rezon sa a. Règleman Federal yo restrenn tout itilizasyon enfòmasyon an pou ankete oswa pouswiv kriminelman tout pasyan ki abize alkòl oswa dwòg.

Enstriksyon pou ranpli fòm konsantman, DSHS 14-012

Itilize: Itilize fòm sa a lè ou bezwen konsantman pou itilize enfòmasyon konfidansyèl sou yon baz kontinyèl osijè yon kliyan nan DSHS osowa pou divilge enfòmasyon sa a avèk lòt ajans yo pou kowòdone sèvis yo osowa pou tretman, peman osowa operasyon ajans osowa pou lòt rezon lalwa rekonèt.

Ranpli fòm sa a elektwonikman si posib pou fasilite lekti, Ou dwe konplete yon fòm separe pou chak moun, enkli timoun. Ou dwe ranpli **yon fòm separe pou chak moun enkli timoun.**

Pati nan fòm lan:

IDANTIFIKASYON:

- **Non:** Bay non yon kliyan sèlman sou chak fòm: Ajoute nenpòt ansyen non kliyan sa te kapab konn itilize lè li tap resevwa sèvis yo.
- **Dat li fèt:** Nesesè pou idantifye kliyan avèk moun ki gen menm non.
- **Nimewo Idantifikasyon:** Bay yon nimewo idantifikasyon kliyan osowa lòt idantifyan tankou nimewo sekirite sosyal (pa obligatwa) pou ede nan idantifye dosye yo ak swivi istwa ansanm avèk sèvis ou te resevwa yo.
- **Lòt bagay:** Ajoute nan kazye sa a nenpòt lòt enfòmasyon ki kapab ede nan lokalize dosye yo sa ki kapab gen ladan pati enplikasyon DSHS avèk sèvis yo, non manm fanmi yo, osowa lòt enfòmasyon enpòtan.

KONSANTMAN (OTORIZASYON):

- **Rezon pou divilgasyon:** Enfòmasyon sa a obligatwa anvan DSHS kapab pataje dosye sou dwòg ak alkòl osowa sante mantal. Si ou pa ranpli chan sa a, DSHS pral note rezon pou divilgasyon an kòm demann ou a.
- **Ajans osowa moun kap echanje dosye yo:** Voye fòm ki ranpli a nan: (1) itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon konfidansyèl andedan DSHS ak ajans osowa moun ki nan lis la; epi (2) divilgasyon enfòmasyon konfidansyèl bay DSHS pa ajans deyò osowa moun ki nan lis la. Ou ka enkli tou yon lis ajans ki pèmèt pataje enfòmasyon ke kliyan dwe siyen tou.
- **Enfòmasyon ki enkli:** Kliyan yo dwe endike ki dosye ki kouvri pa konsantman. Kliyan yo ka rann tout dosye yo disponib osowa yo kapab limite dosye ki enkli a pa dat, kalite osowa sous dosye a. Si yon kliyan pa siyen yon konsantman osowa li pa spesifye yon dosye patikilye, pataje dosye sa ka toujou otorize si lalwa pèmèt li. Ou ka ajoute tou yon lis dosye ki kouvri ke kliyan dwe siyen tou. Si nenpòt dosye gen ladan enfòmasyon ki gen rapò avèk sante mantal (RCW 71.05.620), SIDA/HIV osowa tès STD osowa tretman (RCW 70.02.220), osowa sèvis dwòg ak alkòl (42 CFR 2.31(a)(5)), kliyan dwe make zòn sa yo spesifikman pou bay pèmasyon pou pataje dosye sa yo. Fòm sa a pa valab pou enkli nòt sikoterapi dapre 45 CFR 164.508(b)(3)(ii) e ou dwe ranpli yon fòm separe pou enkli dosye sa yo.
- **Kantite tan:** Ajoute yon dat ekspirasyon pou konsantman ki sèvi objektif pwogram ou an osowa jan lalwa bay li. Konsantman an ap ekspire nan yon ane sof si ou idantifye yon lòt dat.
- **Konprann:** Asire kliyanan konprann ki pèmasyon yo akòde ak fason ak poukisa yap pataje enfòmasyon an. Si nesèsè, itilize yon fòm tradwi ak entèprèt osa li fòm nan awotwa. Si kliyan an bezwen plis enfòmasyon, bay yon kopi adisyèl nan Avi DSHS sou Pratik Konfidansyèl osowa refere kliyan bay ofisye divilgasyon piblik la pou inite w la.

SIYATI:

- **Kliyan:** Fè kliyan osowa yon timoun ki gen plis pase laj konsantman (13 pou sèvis alkòl ak dwòg ak sante mantal; 14 pou SIDA/VIH ak lòt STD yo; nenpòt laj pou kontwòl nesans osowa avòtman; 18 pou swen sante osowa lòt dosye) siyen kazye sa a epi antre dat siyati a. Kliyan an ka ranplase yon mak nan kazye ou temwen an.
- **Temwen osowa Notè:** Yon temwen osowa notè kapab nesèsè pou verifiye idantite w si ou pa soumèt fòm sa a anpèsan osowa si yon pwogram mande verifikasyon. Moun sa a ta dwe siyen ak ekri non l.
- **Paran oswa Lòt Repezantan:** Si kliyan an se yon timoun ki anba laj konsantman, yon paran osowa gadyen dwe siyen. Si timoun nan pa gen laj konsantman pou tout dosye ki pou pataje yo, timoun ak paran an dwe siyen. Si yo te deklare kliyan enkonpetan ilegalman, tribinal la nomen gadyen ki dwe siyen ak bay yon kopi òdonans nominasyon an. Si yon moun ap siyen nan yon lòt kapasite (ekskli yon moun avèk yon pwokirasyon osowa yon repezantan siksesyon), make "lòt" epi jwenn yon kopi otorite legal pou ajì. Moun kap siyen an dwe mete dat ak siyati epi bay yon nimewo telefòn osowa enfòmasyon kontak.